

**AVI ARANJMAN KI PWOPOZE NAN PWOSE AKSYON KOLEKTIF
KONSÈNAN REDIKSYON MWAZI AK IMIDITE
NAN APATMAN NYCHA POU LOKATÈ KI GEN OPRESYON**

Si w ap viv nan apatman Administrasyon Lojman Vil New York [New York City Housing Authority (NYCHA)] ki gen pwoblèm imidite ak mwazi, epi oumenm oswa yon moun ki lakay ou gen opresyon, ou ta dwe li avi sa a. Li bay enfòmasyon sou aranjman yon pwose konsènan mankman sipoze règleman ak pratik NYCHA pou retire mwazi ak imidite egzajere pou satisfè lokatè ki gen opresyon yo.

ENFÒMASYON JENERAL

Nan mwa desanm 2013, te gen yon pwose, *Baez v. NYCHA*, 13 CIV. 8916 (WHP), ki te depoze nan tribinal federal, ki fè konnen NYCHA pa fè aranjman ak modifikasyon rezonab nan règleman ak pratik li yo pou diminye imidite ak mwazi yon fason efikas pou lokatè li yo ki gen opresyon, jan lwa federal ak lwa leta egzije sa. NYCHA refize admèt okenn move zak, epi Tribinal la pa t pran okenn desizyon final sou reklamasyon yo nan pwose a. Moun ki konsène yo dakò pou yon aranjman nan pwose a, ki dwe jwenn apwobasyon Tribinal la.

ARANJMAN KI PWOPOZE A

Ou kapab li aranjman ki pwopoze a nan sitwèb National Center for Law and Economic Justice ak Natural Resources Defense Council, òganizasyon legal ki reprezante gwoup moun ki fè plent yo. Ou kapab jwenn sitwèb yo nan www.nclej.org ak www.nrdc.org.

Men kondisyon debaz aranjman an:

1. Moun ki fè reklamasyon an ap reprezante yon “gwoup moun ki fè plent” k ap gen ladan "Lokatè kounye a ak fiti lokatè NYCHA ki gen opresyon ki gen gwo limit sou yon aktivite lavi prensipal (pa egzanp, mache, pale, respire, manje, dòmi, kanpe, leve yon bagay, plwaye kò, li, konsantre, reflechi, epi kominike) epi ki gen mwazi ak/oswa gwo imidite nan apatman NYCHA yo.”
2. Règleman NYCHA konsènan mwazi ap prevwa rediksyon efikas ak sèten mwazi ak imidite egzajere ak eliminasyon kòz ki anba-anba yo. Lè lokatè yo kite NYCHA antre nan apatman yo, NYCHA dwe, nòmalman, fè reparasyon senp pou mwazi ak imidite egzajere nan sèt (7) jou ak reparasyon ki pi konplèks nan kenx (15) jou (sof amelyorasyon prensipal yo). Apre reparasyon yo, NYCHA dwe fè efò avèk bon volonte pou kontakte lokatè yo pou detèmine si pwoblèm mwazi ak imidite egzajere ak pwoblèm anba-anba yo te rezoud yon fason ki efikas.
3. NYCHA ap chanje fòm li yo ak dokiman li yo ki bay enfòmasyon ki gen pou wè ak andikap ak mwazi pou fè lokatè yo konnen opresyon ka yon andikap ki bay lokatè yo dwa pou jwenn adaptasyon nan règleman, pratik ak pwosedi NYCHA, epitou pou fè lokatè yo konnen mwazi ak/oswa imidite egzajere ka lakòz sentòm opresyon yo vin pi grav. Adaptasyon sa yo ka gen ladan dwa pou enstale ak opere yon è-kondisyon sipleman si sistèm elektrik la pèmèt sa, pou transfere li yon kote pwovizwa pandan pwosesis pou amelyore sitiyasyon mwazi/imidite a, deplasman pèmanan pou mete lokatè a nan yon lòt apatman NYCHA si lokatè a pa kapab viv nan apatman kote li ye a akòz eta apatman an, epi si yon lòt apatman disponib, itilize sibstans ki gen fèb toksisite pou detwi oswa sispann devlopman mwazi, nan epi/oswa itilizasyon metòd pou kontwòl poupyè pandan y ap retire mwazi a.
4. NYCHA ap rapòte enfòmasyon chak peryòd tan ba avoka moun ki fè plent yo konsènan demann pou adaptasyon yo, tan l ap pran pou NYCHA bay repons pou plent yo epi pou fè travay pou elimine mwazi ak imidite, ak efikasite travay ki fèt la.
5. Tribinal la pral aplike aranjman an pandan omwen 30 jou.

DWA POU PA DAKÒ

Nenpòt manm gwoup la gen dwa pou pa dakò avèk aranjman ki pwopoze a kòm yon aranjman ki pa jis, ki pa rezonab oswa ki pa apwopriye. Pou fè sa, manm gwoup la dwe prezante epi deklare objeksyon li yo nan odyans lan poukont li oswa li ka mande avoka li pou fè sa. Tribinal la fikse yon odyans pou rezon sa a nan dat 27 mas 2014 a 3:00 p.m. nan adrès ki endike anba la a:

**Honorable William H. Pauley, United States District Judge
United States District Court for the Southern District of New York
Daniel Patrick Moynihan United States Courthouse
500 Pearl St., Room 20B, New York, NY 10007**

Manm gwoup la ka pa dakò tou avèk aranjman an depi yo voye yon lèt ki make “Baez Settlement” epi ki gen dat anvan 22 mas 2014, ba Tribinal la nan adrès ki endike anwo a.